Газета 1924-жыл ноябрьден шыға баслады

22-ИЮЛЬ 2026-жыл СӘРШЕМБИ №82 — 156 (21415)

ЕРКИН ҚАРАҚАЛПАҚСТАН

Елдиң бирлиги ҳәм абаданлығы ушын!

ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ЖОҚАРҒЫ КЕҢЕСИ ҲӘМ МИНИСТРЛЕР КЕҢЕСИНИҢ ГАЗЕТАСЫ

МӘДЕНИЯТ ҲӘМ КӨРКЕМ ӨНЕР ТАРАЎЫНДАҒЫ ЖОЙБАРЛАР ТАНЫСТЫРЫЛДЫ

Президент Шавкат Мирзиёев 17-июль күни мәденият ҳәм көркем өнерди раўажландырыў, миллий мийрасымызды қәстерлеп сақлаў және халықаралық көлемде кеңнен үгит-нәсиятлаўға қаратылған жойбар ҳәм илажлардың презентациясы менен таныстыҳ.

Дәслеп абырайлы сырт ел музейи ҳәм көргизбе майданларында Өзбекстанның археологиялық ҳәм илимий мийрасын, сондай-ақ, әмелий көркем өнер шығармаларын көрсетиў бойынша режелер көрип шығылды.

Атап айтқанда, 2026-жыл сентябрь айында Дохадағы Ислам көркем өнери музейинде «Uzbekistan: Heritage in Motion” көргизбесин, ноябрь айында болса, Миландағы Прада фондында Өзбекстанның сийрек ушырасатуғын экспонатларының қатнасыўында «Global Antiquity» халықаралық археология көргизбесин шөлкемлестириў режелестирилген. 2027-жылы Венециядағы Палаццо Гримани ҳәм Японияның Нара миллий музейинде елимиздиң қола дәўиринен ерте орта әсирлерге шекемги тарийхын сәўлелендириўши 200ден аслам археологиялық табылмалар көрсетиледи. Миландағы Палаццо Реаледе алтын кестешилик, сузана, икат, зергерлик буйымлары ҳәм әмелий көркем өнер дөретпелеринен ибарат 150 ден аслам экспонат усыныс етиледи.

Флоренцияда Әбиў Әлий ибн Синаның өмири ҳәм илимий мийрасына бағышланған көргизбе өткериў, сондай-ақ, Япония, Улыбритания, Қытай, Саудия Арабстаны ҳәм басқа да мәмлекетлердеги жетекши мәдений мәкемелер менен биргеликтеги жойбарларды әмелге асырыў режелери билдирилди.

Мәдений мийрас объектлерин реставрациялаў мәселелерине айрықша итибар қаратылды. Романовлар сарайында Өзбекстан мәмлекетлик көркем өнер музейиниң филиалын шөлкемлестириў нәзерде тутылған. Онда комплекстиң тарийхый көриниси сақлап қалынып, 300ге шамалас экспонаттан ибарат турақлы экспозиция қәлиплестириледи.

Мухтар Ашрафий үй-музейинде имараттың фасады ҳәм тарийхый интерьерлери реставрацияланып, экспозиция жаңаланбақта. Музей заманагөй инженерлик системалары, қәўипсизлик ҳәм климат қадағалаўы қураллары, мультимедиа үскенелери, сондай-ақ, сес жазыў студиясы менен тәмийинленеди.

Презентацияда «Тамерлано» операсын дүньяның абырайлы сахналарында көрсетиў нәтийжелери ҳәм келешектеги режелер көрип шығылды.

Усы жылы бул шығарма Дубай операсы, Венадағы «Музикферайн», Санкт-Петербургтағы Мариинский театры ҳәм Версаль сарайы Патшалық операсы сахналарында қойып берилди. Стефано Пода сахналастырған операда Георг Фридрих Гендель музыкасы Кирилл Рихтер талқылаўында, өзбек миллий саз әсбапларынан пайдаланған ҳалда атқарылды. Жойбарда Өзбекстан Миллий симфониялық оркестри, хор, халық сазлары оркестри ҳәм белгили солистлер қатнасты.

2027-жыл март айында «Тамерлано» операсын Нью-Йорктағы белгили «Карнеги-холл» концерт залы сахнасында қойыў режелестирилген. Бул өзбек опера көркем өнери ҳәм миллий атқарыўшылық мектебиниң жоқары потенциалын сырт ел аудиториясына кеңнен көрсетиў имканиятын береди.

Ири концертлер, фестивальлар, таңлаў ҳәм көргизбелерди шөлкемлестириўдиң бирден-бир системасын қәлиплестириў мәселеси де көрип шығылды. Мәденият министрлиги жанындағы «Халықаралық фестивальлар дирекциясы» мәмлекетлик мәкемеси негизинде Мәденият ҳәм көркем өнерди раўажландырыў қоры жанында Мәдений жойбарлар миллий операторын шөлкемлестириў усыныс етилди.

Миллий оператор ири халықаралық илажларды шөлкемлестириў ҳәм оларды сырт елде үгит-нәсиятлаў, белгили атқарыўшылар қатнасыўындағы концертлерге буйыртпашы сыпатында жумыс алып барыў, сондай-ақ, «Шарқ таароналары» халықаралық музыка фестивалын таярлаў ушын жуўапкер болады.

Усы жылдың 8-июнь күни Самарқандтағы Регистан майданында белгили қосықшы Жон Леженднің концерти өткерилди. Август айында Пекиндеги Уллы Қытай дийўалында, сентябрь айында болса Регистон майданында белгили пианиношы Ланг Лангтың концертлерин өткериў режелестирилген. Октябрь айында Ташкенттеги «Өзбекстан» халықаралық әнжуманлар сарайында композитор Макс Рихтердиң концерти болып өтеди.

Усы жылы Венеция ҳәм Милан қалаларында өткерилип атырған ири халықаралық мәдений илажларда Өзбекстанның қатнасыў нәтийжелери де таныстырылды.

Венециядағы 61-Халықаралық көркем өнер биенналесинде Өзбекстан «The Aural Sea» жойбары менен миллий павильонда қатнаспақта. Жойбар Арал теңизи ҳәм Қарақалпақстан темасын естелик, әпсана ҳәм гүрриңлер арқалы ашып береди. Павильонға ҳәзирги ўақытқа шекем 60 мыңнан аслам адам келген. Жойбарға бағышланған материаллардың улыўма медиа қамтып алыўы 145 миллионнан асқан.

Биеннале шеңберинде Палаццо Кавалли-Франкеттиде өзбекстанлы художник Вячеслав Ахуновтың «Instruments of the Mind» жеке көргизбеси де шөлкемлестирилди. Онда художниктиң 1970-жыллардан бүгинги күнге шекем дөретилген 200ден аслам шығармасы көрсетилмекте. Көргизбеге 30дан аслам мәмлекеттен 12 мыңнан аслам адам келген.

«Milan Design Week 2026» шеңберинде шөлкемлестирилген «Ерик гүллегенде» миллий павильонында 12 халықаралық дизайнер ҳәм Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстаннан 12 өнерменттиң биргеликтеги жумыслары көрсетилди. Өзбекстан павильоны «Fuorisalone Award 2026» сыйлығы төрешилер қурамы тәрепинен айрықша итибарға ийе болды. Оны 18 мыңнан аслам адам көрди, жойбардың халықаралық мәлимлеме қамтып алыўы 171 миллионға жетти.

Сондай-ақ, Мәденият ҳәм көркем өнерди раўажландырыў қорының 2026-2027-жылларға мөлшерленген илаж ҳәм жойбарлары додаланды.

11-13-сентябрь күнлери Нөкис қаласында Арал мәденияты саммити өткериледи. Мәденият, илим, архитектура, дизайн ҳәм экология тараўларының ўәкиллери Арал бойын турақлы раўажландырыў мәселелерин додалайды. 2027-жыл январь айында «Aral School» халықаралық бағдарламасының Арал теңизи бассейни климаты ҳәм ландшафтына бағышланған жаңа мәўсими басланады.

Әлийшер Наўайы атындағы Өзбекстан мәмлекетлик академиялық үлкен театры репертуарын жаңалаў шеңберинде Жакомо Пуччинидиң «Турандот» операсы ҳәм Петр Чайковскийдиң «Шелкунчик» балетин жаңаша талқында сахналастырыў режелери көрип шығылды. Жойбарларды әмелге асырыўға жетекши жергиликли ҳәм сырт ел режиссёрлары, дирижёрлар, хореографлар ҳәм сахналастырыў бойынша қәнигелерди тартыў режелестирилген.

2027-жылғы Бухара биенналеси шеңберинде мәдений мийрас объектлерин реставрациялаў, тарийхый аймақлар ҳәм жәмийетлик орынларды абаданластырыў, сондай-ақ, көргизбе майданларын таярлаў режелестирилген. Биенналеге 50ден аслам сырт ел художниги ҳәм дизайнери және мәмлекетимиз креатив индустрияларының 300ден аслам ўәкили тартылады.

Буннан тысқары, «Milan Design Week» ҳәм «Art Basel» илажларында қатнасыў, «Art for Tomorrow» халықаралық конференциясын өткериў, Қатар музейлери менен өнерментшилик ҳәм дизайн тараўында бирге ислесиўди раўажландырыў, сондай-ақ, Бухарада көркем резиденция ҳәм халықаралық зергерлик мектебин шөлкемлестириў бойынша усыныслар көрип шығылды.

Мәмлекетимиз басшысы жойбарларды пуқта таярлаў, реставрация жумысларының сапасын қатаң қадағалаў, миллий мазмунды заманагөй көзқараслар менен үйлестириў және халықаралық мәдений бирге ислесиўдиң әмелий нәтийжелилигин арттырыў бойынша көрсетпелер берди.

ӨзА.



ЗАМАНАГӨЙ ҚУСШЫЛЫҚ КОМПЛЕКСИ ИСКЕ ТҮСТИ

Ҳүрметли Президентимиздиң тапсырмасы менен Қарақалпақстанның бир қатар районларын социаллық, экономикалық жақтан раўажландырыў, халықтың абадан турмысын тәмийинлеў мақсетинде республика ўәлаятлары бириктирилген еди. Усы тийкарда ўәлаятлар менен бирге бир қатар жумыслар әмелге асырылды.



Самарқанд ўәлаяты ҳәкими А.Бобоев басшылығындағы делегация Қарақалпақстанға келди. Мийманларды Министрлер Кеңесиниң Баслығы Ф.Эрманов күтип алды.

Буннан соң Нөкис районы аймағындағы «Интер Агро бройлер Нөкис» кәрханасының ашылыў мәресими болып өтти.

Ашылыў салтанатына Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң Баслығы Ф.Эрманов, Самарқанд ўәлаятының ҳәкими А.Бобоев, Нөкис районының ҳәкими З.Зайтов ҳәм кең жәмийетшилик ўәкиллери қатнасты.

Онда шығып сөйлегенлер жыйналғанларды жаңа кәрхананың ашылыўы мүнәсибети менен қутлықлады ҳәм кәрхана жумыслары менен жақыннан таныста.

Айтып өтиў орынлы, улыўма 7 млн. доллар қаржы тийкарында жаңадан қурылып, пайдаланыўға тапсырылған кәрханада 40 жаңа жумыс орны жаратылған болып, бул кәрхана тийкарынан мәйек жетистириўге қәнигелескен. Ҳәзирги күнде мәйек қоңсы ўәлаятларға ҳәм сырт елге экспорт етилмекте.

Буннан соң мийманлар «Азия металл проф» кәрханасы тәрепинен әмелге асырылып атырған металл профильлерин ислеп шығарыўды шөлкемлестириў жойбарын барып көрди. Сондай-ақ, «Шохжаҳон универсал фудс» ЖШЖ тәрепинен шөлкемлестирилген саўда орайының жумыслары да көзден өткерилди. Исбилерменлер ушын жаратылған имканиятлар тийкарында жаңа басламалардың саны артып, жаңадан-жаңа жумыс орынлары жаратылып атырғаны атап өтилди.

Мийманлардың кейинги мәнзили райондағы орайлық китапхана болды. Бул жерде жаслар ҳәм китапханалар ушын жаратылған шараятлар көзден өткерилди. Соның менен бирге, районлық көп тармақлы медицина мәкемесине ўәлаят ҳәкимлиги атынан арнаўлы әсбап-үскенелер тапсырылды. Әмелге асырылған жумыслар менен танысыў барысында район ҳәкимлигинде шөлкемлестирилген музей жумысы көзден өткерилди.

Айтып өтиў орынлы, дослық, татыўлық ҳәм аўызбиршиликке тийкарланған бундай илажлар халқымыздың турмыс абаданлығын арттырыўға хызмет ететуғыны сөзсиз.


КЕШИКТИРИП БОЛМАЙТУҒЫН ИЛАЖЛАР БЕЛГИЛЕП АЛЫНДЫ

Қанлыкөл районында аўыл хожалығы тараўын буннан былай да раўажландырыў ҳәм халықты сапалы азық-аўқат өнимлери менен турақлы тәмийинлеў мәселелерине бағышланған кеңейтилген мәжилис өткерилди.



Мәжилиске Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң Баслығы Ф.Эрманов, республика прокуроры Ш.Аминов, ишки ислер министри Б.Төребеков, тийисли тараў ўәкиллери ҳәм қәнигелер қатнасты.

Өткерилген ушырасыўда районда раўажланыўдан артта қалған пахта майданларын саламатландырыў ҳәм олардың тәрбиясын күшейтиў мәселелерине итибар қаратылды.



Мәжилис даўамында тараўдағы ҳәзирги жағдай, жүзеге келиўи мүмкин болған қәўип-қәтерлер ҳәм олардың алдын алыў бойынша кешиктирип болмайтуғын илажлар ҳәр тәреплеме талқыланды.

Илажда раўажланыўдан артта қалған ҳәр бир гектар майданда агротехникалық илажларды қысқа мүддетлерде сапалы жуўмақлаў бойынша тараў жуўапкерлерине қатаң тапсырмалар берилди.

МӘҲӘЛЛЕЛЕРДЕ АБАДАНЛЫҚ ҲӘМ МИЙРИМ-ШӘПӘӘТ АЙЛЫҒЫ



Президентимиздиң басшылығында усы жылдың 16-июль күни өткерилген видеоселектор мәжилисинде республика бойлап «Мәҳәллелерде абаданлық ҳәм мийрим-шәпәәт айлығы» жәрияланды. Тапсырманы орынлаў мақсетинде республикамыздағы барлық орынлар қатарында Хожели районында да ғалабалық түрде абаданластырыў илажларына старт берилди.

Илажға Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң комитет баслығы И.Ниязов, район ҳәкими Ж.Ермашев, барлық кәрхана, мәкеме ҳәм шөлкем басшылары қатнасты. Шығып сөйлегенлер бул ийгиликли баслама халқымыз бенен биргеликте аўызбиршиликли түрде өткерилиўин ҳәм бәршени тәбиятымыздың тазалығына мүнәсип үлеслерин қосыўға шақырып қалды.

Басланып атырған абаданластырыў айлығы шеңберинде көшелер, мәҳәллелер, социаллық тараў объектлери, ишки жоллар тәртипке келтирилип, терек ҳәм гүл нәллери егилиўи белгиленген.

19-июль күни старт алған «Мәҳәлледе абаданлық ҳәм мийрим-шәпәәт айлығы» шеңберинде районда кең жәмийетшилик ўәкиллери қатнасыўында тазалаў жумыслары алып барылды. Атап айтқанда, көше бойларындағы жабайы шөп-шарлар ҳәм қуўраған шақалар жыйналып алынды. Бул жумысларға қосымша арнаўлы техникалар қатнасып, орайлық көшелер таза ҳәм абат мәканға айланды.

Илаж 20-июль күни де ерте таңнан даўам етти. Бундай илажлар халық арасында экологиялық мәдениятты арттырыў менен бирге, аўызбиршиликти бекемлейди.

ҚАРАҚАЛПАҚСТАН ХАБАР АГЕНТЛИГИ.

2026-ЖЫЛ – «МӘҲӘЛЛЕНИ РАЎАЖЛАНДЫРЫЎ ҲӘМ ЖӘМИЙЕТТИ ЖЕТИЛИСТИРИЎ ЖЫЛЫ»

«МӘҲӘЛЛЕ ЖЕТИЛИГИ»НИҢ ЕСАБАТЫ ТЫҢЛАНДЫ

Шоманай районындағы «Қарабайлы» мәкан пуқаралар жыйынында мәҳәлле турғынлары менен ушырасыў болып өтип, оған районлық Кеңес депутатлары, тийисли мәкеме, кәрхана ҳәм шөлкем ўәкиллери, ғалаба хабар қуралларының хызметкерлери қатнасты.



Онда Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң комитет баслығы Ш.Өтемисов қатнасып, пуқараларға Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2026-жыл 26-июнь күнги «Мәҳәлле басқарыўын нәтийжели шөлкемлестириўге байланыслы қосымша илажлар ҳаққында»ғы пәрманының мазмуны ҳәм әҳмийети ҳаққында түсиник берди.



Қабыл етилген усы пәрманға тийкарланып мәҳәлле институтының жәмийеттеги ролин және де жетилистириў ҳәм «мәҳәлле жетилиги»ниң жумысын нәтийжели шөлкемлестириў, мәҳәлле менен мәмлекетлик уйымлар ҳәм жәмийетлик шөлкемлердиң үзликсиз бирге ислесиўин тәмийинлеў ўазыйпалары белгиленген. Илажда мәҳәллелерде халықтың машқалаларын өз ўақтында анықлаў ҳәм шешиўдиң «мәҳәлле – район (қала) – ўәлаят – республика» системасын жетилистириў арқалы «мәҳәлле жетилиги», жергиликли мәмлекетлик ҳәкимият уйымлары, министрликлер ҳәм уйымлардың жуўапкершилигин және де арттырыў ўазыйпалары түсиндирилип, мәҳәлле жумысын қоллап-қуўатлаў системасын және де жетилистириў бойынша тастыйықланған «жол картасы» таныстырылды.

Соң МПЖдағы «мәҳәлле жетилиги»ниң усы жылдың II шереги даўамында әмелге асырған жумыслары бойынша есабатлары тыңланды.

Сондай-ақ, ушырасыў даўамында районлық Кеңеске 1-Қарабайлы сайлаў округинен сайланған депутат Б.Бегманов 2026-жылдың II шереги даўамындағы депутатлық жумысы бойынша мәлимлеме берди.

Ушырасыўда мәҳәлле халқы мәҳәлле жетилигиниң ҳәм аймақ депутатының жумысларына қанаатландырарлы баҳа берип, мәҳәлледе алдағы ўақытта ислениўи зәрүр болған жумыслар ҳәм машқалалар бойынша өзлериниң пикир-усынысларын билдирди.

Ушырасыўда пуқаралар өзлериниң машқалалары менен де мүрәжат етти. Бул мүрәжатларды тийисли уйымлар ҳәм шөлкемлер менен биргеликте шешиў бойынша илажлар белгиленди.

Қарақалпақстан хабар агентлиги.

МӘҲӘЛЛЕ – ЖАҢА РАЎАЖЛАНЫЎ БАСҚЫШЫНА ҚӘДЕМ

ЖУЎАПКЕРШИЛИК, БАСЛАМА ҲӘМ НӘТИЙЖЕ – БҮГИНГИ КҮННИҢ ЕҢ ТИЙКАРҒЫ ТАЛАБЫ

«Мәҳәлле» деген түсиник халқымыз ушын әпиўайы ҳәкимшилик аймақ емес. Ол әзелден қоңсышылық, мийрим-шәпәәт, аўызбиршилик, ақсақаллар мәсләҳәти, жаслар тәрбиясы ҳәм елжурт дәртине ийинлеслик мектеби болып келген. Бүгин болса, заман талаплары мәҳәллеге және де үлкен жуўапкершилик жүклемекте. Енди мәҳәлле тек ғана социаллық институт емес, ал, мәмлекет раўажланыўының ең әҳмийетли таяныш ноқатына айланбақта.

Президентимиз Шавкат Мирзиёевтиң басшылығында усы жылы 16-июль күни өткерилген «Мәҳәллелерге жаңа орталық алып кириў ҳәм «мәҳәлле жетилиги» жумысын жаңаша шөлкемлестириў бойынша тийкарғы ўазыйпалар»ға бағышланған видеоселектор мәжилиси, әне, усы ҳақыйқатты және бир мәрте айқын көрсетти. Мәжилисте додаланған мәселелерди дыққат пенен талқылай отырып, мәмлекетлик сиясаттағы тийкарғы итибар енди мәҳәллениң имканиятын кеңейтиў емес, ал, оның нәтийжелилигин арттырыўға қаратылып атырғанын көремиз.

Ҳақыйқатында да, кейинги жыллары мәҳәлле институтына берилген имканиятлардың көлеми мисли көрилмеген дәрежеде кеңейди. Усы жылдың өзинде районларға орташа 250 миллиард сум, ҳәр бир мәҳәллеге болса 5,5 миллиард сум қаржы ажыратылды. Жер ҳәм мүлк салығынан мәҳәлледе қалатуғын қаржылар көбейтилди, мәҳәлле бюджети беккемленди, мәҳәлле баслығының ҳуқықлары менен ўәкилликлери кеңейтилди.

Бирақ, Президентимиздиң атап өткениндей, қаржы да, ўәкиллик те мақсет емес. Ең тийкарғысы – олардан нәтийжели пайдаланыў. «Жетиспей атырған тәрепи – жуўапкершилик ҳәм интакерлик» деген пикир мәжилистиң ең әҳмийетли жуўмағы болды. Ҳақыйқатында да, бүгин айырым мәҳәллелерде елеге шекем жоқарыдан көрсетпе күтиў кейпияты сақланып қалмақта. Мәҳәлле басшысы өз аймағының ертеңги күни ушын өзи интакер болыўы, бос турған жерлер, имаратлар, жумыссыз халық, исбилерменлик имканиятлары бойынша анық режесине ийе болыўы керек.

Мәжилисте келтирилген санлар бул мәселениң қаншелли әҳмийетли екенин көрсетеди. Усы жылдың өзинде 87 мәҳәллениң ҳәр биринен Халық қабыллаўханаларына 200ден аслам мүрәжат келип түскен. Демек, айырым орынларда машқалалар мәҳәллениң өзинде шешилмей, жоқары шөлкемлерге шекем шығып кетпекте. Бул болса, системаның барлық имканиятлары толық ислемей атырғанынан дерек береди.

Және бир әҳмийетли мәселе – «Басламалы бюджет» жойбары. Мәмлекет бул бағдарламаға



7,5 триллион сум ажыратқан болса да, 2 мың 136 мәҳәлледе бирде-бир жеңимпаз жойбар шықпаған. Бул санлар тек ғана статистика емес. Бул халық пенен ислесиў, басламаларды қоллап-қуўатлаў ҳәм жәмийетшиликти бирлестириў жумысларында еле үлкен имканиятлар бар екенлигин билдиреди.

МӘҲӘЛЛЕ – БӘНТЛИК МӘСЕЛЕСИ ШЕШИЛЕТУҒЫН ЕҢ ӘҲМИЙЕТЛИ ОРЫН

Мәжилисте халықтың бәнтлигин тәмийинлеў айрықша додаланды. Кейинги алты айда 18,5 триллион сум қаржы есабынан 110 мың микрожойбар әмелге асырылып, дерлик 260 мың пуқара жумыс пенен тәмийинленгени итибарға ылайық. Бирақ, бул нәтийже барлық аймақларда бирдей емес. Айырым мәҳәллелерде тек ғана еки микрожойбар әмелге асырылған, 32 мәҳәлледе болса, мыңға шамалас кәмбағал шаңарақ ўәкиллеринен биреўи де турақлы жумыс пенен тәмийинленбеген. Бул болса, имканият жетиспеўшилигинен емес, жумысты дурыс шөлкемлестирмеўден дерек береди.

Президентимиз тәрепинен Жаңа Қува мәҳәллеси мысалында көрсетилген жаңа көзқарас мине усы жағынан әҳмийетли болып есапланады. Енди ҳәр бир жумыссыз пуқара бойынша анық реже ислеп шығылады. Кимге кредит керек, ким исбилерменлик етиўди қәлейди, кимге жер ямаса үскене керек – булардың барлығы мәҳәллениң өзинде шешиледи. Бул болса, мәҳәлледе машқаланы емес, имканиятты көре алатуғын басшылар дәўири басланып атырғанын аңлатады.

«МӘҲӘЛЛЕ ЖЕТИЛИГИ» – БИРДЕН-БИР ЖӘМӘӘТ СЫПАТЫНДА ЖУМЫС ИСЛЕЙДИ

Мәжилистиң ең әҳмийетли қарарларынан бири – мәҳәлле баслығының басқарыўдағы хызметин күшейтиў болды. Енди ол ҳәким жәрдемшиси, мәҳәлле банкири, профилактика инспекторы, жаслар жетекшиси, ҳаял-қызлар белсендиси, социаллық хызметкер ҳәм салық инспекторының жумыс режелерин тастыйықлайды ҳәм олардың жумысын муўапықластырады. Бул қарар мәҳәлледе тарқалып ислеўди сапластырып, бирден-бир мақсет жолында ҳәрекет ететуғын жәмәәтти қәлиплестириўге хызмет етеди.

ҚАРАҚАЛПАҚСТАН УШЫН ДА ӘҲМИЙЕТЛИ ЎАЗЫЙПАЛАР

Мәжилисте белгиленген ўазыйпалар Қарақалпақстан Республикасы ушын да айрықша әҳмийетке ийе. Себеби, бүгин елимиздиң ҳәр бир қала ҳәм районында жаңа жумыс орынларын жаратыў, жасларды исбилерменликке тартыў, кәмбағаллықты қысқартыў, мәҳәллелер инфраструктурасын жақсылаў бойынша кең көлемли жумыслар әмелге асырылмақта. Енди бул реформалардың нәтийжеси ҳәр бир мәҳәлледе, ҳәр бир шаңарақта сезилиўи керек. Буның ушын болса тек ғана мәмлекеттиң емес, мәҳәлле белсендилери, исбилерменлер, нураныйлар, жаслар ҳәм барлық пуқаралардың аўызбиршилиги үлкен әҳмийетке ийе.

Президентимиздиң атап өткениндей, мәҳәлле адамлар ушын ҳақыйқый «исеним, таяныш ҳәм имканиятлар орайы»на айланыўы шәрт. Әне, сонда ҳәр бир инсан өз келешегине исенеди, ҳәр бир шаңарақтың дәраматы артады, ҳәр бир мәҳәлледе абатлық, тынышлық ҳәм абаданлық орталығы орнайды. Мәмлекеттиң раўажланыўы бәринен бурын мәҳәлледен басланады. Күшли мәҳәлле – күшли жәмийет, күшли жәмийет болса, Жаңа Өзбекстанның беккем тырнағы болып есапланады.

Гүлнара ЖҮГИНИСОВА,
арнаўлы хабаршымыз.

МӘҲӘЛЛЕЛЕРДЕ ЖАҢА ДӘЎИР

ямаса Нөкис мәҳәллелеринде жаңа басқарыў системасы қандай нәтийже бермекте?

Жақында Ҳүрметли Президентимиз Шавкат Мирзиёевтиң басшылығында өткерилген «Мәҳәллелерге жаңа орталық алып кириў ҳәм «мәҳәлле жетилиги» жумысын жаңаша шөлкемлестириў бойынша тийкарғы ўазыйпалар»ға бағышланған видеоселектор мәжилиси мәмлекетимиз басқарыў системасы тарийхында жаңа бет ашты. Мәмлекетимиз басшысы тәрепинен алға қойылған «Мәҳәлле – халыққа ең жақын басқарыў буўыны» деген концептуаллық идея бүгин тек ғана сүрен ямаса теориялық реже емес, анық финанслық ресурслар, ҳуқықый ўәкилликлер ҳәм жоқары жуўапкершилик пенен тәмийинленген жанлы механизмге айланды.

Усы видеоселектор мәжилисинде белгиленген стратегиялық ўазыйпалар, реформалардың жеделлиги Аралбойының жүреги – пайтахтымыз Нөкис қаласында да системалы өзгерислердиң жаңа толқынын баслап жиберди. Биз орынлардағы өзгерислерди, басшылықтың жумыс усылы трансформациясын тиккелей бақлап, кең жәмийетшиликке жеткерип бармақтамыз. Бүгин қаламызда реформаларды жоқарыдан төменге емес, ал, төменнен, яғный, тиккелей мәҳәлле кесиминде системаның ишинен баслаў принципи тийкарында жаңа орталық қәлиплеспекте.



КАБИНЕТЛЕРДЕН МӘҲӘЛЛЕНИҢ ИШКИ КӨШЕЛЕРИ БОЙЛАП

Президентимиз өзиниң шығып сөйлеген сөзлеринде басшылардың тийкарғы итибарын жуўапкершилик ҳәм интакерликке қаратыў, машқалаларды кабинетте емес, орнында шешиў зәрүрлигин қатаң атап өткен еди. Бул тапсырманың орынланыўын тәмийинлеў мақсетинде Нөкис қаласының ҳәкими А.Данияров басшылығындағы сектор басшылары ҳәм жуўапкерлер жумыс усылын пүткиллей өзгертти. Енди қаламыз басшысының жумыс күни рәсмий мәжилислер ямаса ықшам хызмет бөлмелеринде емес, ерте таңнан Нөкис мәҳәллелериниң ишки көшелеринде, адамлар арасында басланбақта.

Бул процесслерди жақыннан бақлап, әҳмийетли бир жағдайдың гүўасы болмақтамыз. Қала ҳәкими аймақларды айналары қарайттырылған хызмет машиналарында емес, әпиўайы жәмийетлик транспортта, яғный, автобуста ямаса пияда жүрип көзден өткермекте. Неге дегенде, турмыслық реал машқалаларды бояп көрсетиўге жол қоймаў, халықтың ҳақыйқый дәртин аңлаў ушын жерде жүриў, адамлар менен бирге дем алыў керек. Төгилген асфальттың сапасы, ишимлик суўы тармағындағы киши үзилислер, көшелердеги шығындылар ямаса түнги светофорлардың ислеў жағдайы тек ғана пияда жүрген басшының нәзеринен шетте қалмайды.

Мақсет биреў – мәмлекетимиз басшысы айтқанындай, «ҳеш ким итибардан шетте қалмайтуғын» әдил системаны Нөкистиң ҳәр бир аўылы, ҳәр бир мәҳәллеси ҳәм ҳәр бир шаңарағында әмелде тәмийинлеўден ибарат.

БАСШЫЛАР ӘПИЎАЙЫ МАШҚАЛА БАҚЛАЎШЫСЫ ЕМЕС, «ЭКОНОМИКАЛЫҚ БУЙЫРТПАШЫ»

Жаңа системаның ең әҳмийетли шәртлеринен бири – мәҳәлле баслықларының статусы, жуўапкершилиги ҳәм еркинлигин жаңа басқышқа көтериў болып есапланады. Президент селекторында белгиленген тапсырмалардың орынланыўы шеңберинде Нөкис қаласының ҳәкими А.Данияровтың қатнасыўында кемшиликлерге жол қойған мәҳәлле баслықлары ҳәм белсендилери менен ашық, исенимли ҳәм сын көзқараста сөйлесиў өткерилди. Усы мәжилисте басшылық тәрепинен жаңа дәўир талаплары қатаң белгилеп берилди.

Енди мәҳәлле баслығы мәҳәлледеги кемшиликлерди санап отыратуғын ямаса жоқары шөлкемлерге хат жазатуғын әпиўайы бақлаўшы емес, өз аймағының ҳақыйқый «экономикалық буйыртпашысы» ҳәм басшысы болыўы шәрт екенлиги уқтырылды. Мәҳәлледе әмелге асырылатуғын ҳәр қандай абаданластырыў, жол қурылысы ямаса социаллық жойбар баслықтың келисими ҳәм тиккелей қадағалаўы астында болыўы керек.

Буннан тысқары, «мәҳәлле жетилиги» ҳәким жәрдемшиси, жаслар жетекшиси, ҳаял-қызлар белсендиси, профилактика инспекторы, салықшы, социаллық хызметкер ҳәм банкир сыяқлы жуўапкерлердиң күнлик жумыс режесин мәҳәллениң баслығының өзи тастыйықлайды. Баслық олардан қурғақ есабат емес, халықтың абаданлығы жолында исленген анық әмелий нәтийжени сораўға ҳақылы ҳәм мәжбүр. Жумысында немқурайдылық ҳәм ақсаўшылыққа жол қойған жуўапкерлерге кемшиликлерди тез пурсатта сапластырыў бойынша соңғы имканият берилди.

«ҚУМ АЎЫЛ» МПЖДА ЖҮЗБЕ-ЖҮЗ СӨЙЛЕСИЎ ҲӘМ ТУРМЫСЛЫҚ ШЕШИМЛЕР

Мәмлекет басшысының тапсырмаларын турмысқа енгизиў мақсетинде Нөкис қаласы ҳәкимлиги тәрепинен орынларда халық пенен ушырасыўлар шөлкемлестирилип келинбекте. Усындай ашықтан-ашық сөйлесиўлерден бири «Қум аўыл» мәкан пуқаралар жыйынында болып өтти. Бул аймақтағы процессти гүзетиў даўамында ушырасыў тек ғана рәсмий есабат мәжилиси болып қалмастан, адамлардың кеўлиндеги бар гәплерин, дәртлерин тыңлаў орталығына айланды.

Сөйлесиў даўамында қала ҳәкими ҳәм «мәҳәлле жетилиги» тәрепинен аймақтағы социал-экономикалық мәселелерге ақылға уғрас шешим табыў, ишки жолларды оңлаў ҳәм инфраструктураны жақсылаў илажлары додаланды.

Мәҳәлле тек ғана жол қурыў ямаса ишки тарлық жаратылыўын мәлимлеме мәканында кеңнен сәўлелендирип барыўды миннетимиз деп билемиз.

РӘСМИЙЛИКТЕН ЖЫРАҚ, ИНСАНЫЙЛЫҚ ПЕНЕН СУЎҒАРЫЛҒАН ПУҚАРАЛАР ҚАБЫЛЛАЎЫ

Мени ең көп тәсирлендиретуғын тәрепи – бул қала ҳәкиминиң пуқараларды қабыл етиўи болып есапланады. Мен бул жерде қурғақ статистика санларын ямаса суўық есабатларды көрмеймен. Мүрәжат еткен ҳәр бир инсанның артында бир шаңарақ, бир тәғдир жатады. Бүгин жәмийетлик турмыстағы айырым инсан тәғдирлериниң қурамалылығын, турмыстағы тосқынлықларды қурғақ қағазда ямаса рәсмий мәкеме тилинде сәўлелендириўдиң улыўма имканы жоқ. Биз инсанның дәртине суўық қанлылық пенен баянат беретуғын робот емеспиз.

Шаңарақлық шараяты себепли ата үйине қайтып келген, бирақ, жақынлары баўырына сыймай атырған ҳаяллардың тәғдири, арзымаған бир қарыс жер таласып, бир-бири менен жүз көрмес болып кеткен аға-инилердиң келиспеўшиликлери, пул табыў мақсетинде сырт елге кетип, перзентлерин қараўсыз қалдырған келинлердиң тәғдири... Бул ўақыялар әтирапымызда, өз қаламызда жүз берип атырғаны ашынарлы. Сөйлесиўлер даўамында қала ҳәкими А.Данияровтың ҳәр бир мүрәжат етиўшиниң турмыслық машқаласын терең тыңлап, гейде миллий қәдириятларымызға жат болған ўақыяларды еситкенде көзлери жерге қарап, аўыр түскинликке түскен инсанларды салмақлы түрде тыңлап атырғанының гүўасы боламыз. Бундай ўақытта ҳеш кимди айыпламай, инсанды ақырына шекем тыңлаў ҳәм оған руўхый хошамет бериў жүдә әҳмийетли.

Президентимиздиң «Инсан қәдири ушын» принципине тийкарланған әдил ҳәм ғамқорлық сиясаты бүгин ҳәр бир пуқараның турмысын жедел жақсылаўға хызмет етпекте. Қала ҳәкимлигиндеги қабыллаўлар да, мине, усы ийгиликли сиясат тийкарында шөлкемлестирилмекте. Адамлардың мәмлекетлик уйымларға келип, өз дәртин ашық айтып атырғаны халықтың мәмлекетке, ертеңги күнге болған исениминиң жоқары үлгиси болып есапланады.



Пуқаралардың машқалалары тийисли тараў басшылары ҳәм жуўапкерлердиң қатнасыўында, сол жердиң өзинде додаланып, әмелий шешим табылмақта. Мәселен, соңғы қабыллаўлардың өзинде социаллық ҳәм экономикалық жақтан қыйналған еки пуқарамыз сол заматы жәмийетлик жумысларға орналастырылды. Сондай-ақ, шаңарақлық шараяты аўыр болған еки студенттиң жоқары оқыў орнындағы шәртнама пуллары қала ҳәкимлиги ҳәм тийисли қорлар есабынан қаплап берилетуғын болды.

Мүрәжат етиўшилер арасында социаллық жәрдем, турақ жай, денсаўлықты тиклеў мәселелери бойынша келип атырғанлар көпшиликти қурайды. Арзалар тийисли тәртипте жазып алынып, ҳуқықый түсиниклер берилмекте. Биз инсан сыпатында бир-биримизди тыңлаўды, қоллап-қуўатлаўды умытпаўымыз керек. Арамызда «маған ҳеш ким керек емес» деп жасайтуғынлар да ушырасады, бирақ, өмир нызамы сондай, адам адамға ҳәмийше керек ҳәм биз бир-биримизге сүйенип жасаймыз.

Нөкис қаласында Президентимиздиң тапсырмалары тийкарында басланған бул жаңа ҳәм халықшыл жумыс усылы ҳеш қашан тоқтап қалмайды. Мәҳәлле кесиминде системаның жаңа басқышы шеңбериндеги кең көлемли абаданластырыў, тазалық ҳәм инфраструктураны раўажландырыў жумыслары жедел даўам етпекте.

Пайтахтымыз мәҳәллелериндеги ҳәр бир унамлы өзгериси, халқымыздың абаданлығы жолында алып барылып атырған реформаларды кең жәмийетшиликке ашық-айдын түрде жеткериўди даўам етемиз. Жаңа дәўир жаңаша жуўапкершилик ҳәм жоқары нәтийжелерди талап етеди ҳәм биз бул жолда исенимли қәдем таслаймыз.

Эльмира САГАЛАТДИНОВА,
Нөкис қаласы ҳәкимлиги Мәлимлеме хызметиниң баслығы.

ИНСАН ҚӘДИРИ УШЫН

СОЦИАЛЛЫҚ ҚОРҒАЎ ҲӘМ МӘНЗИЛЛИ ЖӘРДЕМДЕ ӘМЕЛИЙ НӘТИЙЖЕЛЕР

Бүгинги күнде елимизде халықтың социаллық қорғаўға мүтәж қатламларын қоллап-қуўатлаў, олардың жасаў шараятларын туп-тийкарынан жақсылаў ҳәм кәмбағаллықты избе-из қысқартыў мәмлекетлик сиясаттың ең тийкарғы бағдарларынан бирине айланды. Әсиресе, социаллық хызметлердиң мәнзилли ҳәм сапалы шөлкемлестирилиўи, пуқаралардың мүтәжликлерин өз ўақтында анықлаў және оларды нәтийжели шешиў орынлардағы үйреniўлердиң баслы мақсети болып есапланады. Халықтың социаллық қорғалыўын күшейтиў, пуқараларға көрсетилип атырған социаллық хызметлер ҳәм жәрдемлердиң нәтийжелилигин арттырыў мақсетинде системалы реформалар избе-из даўам еттирилмекте. Халық ўәкили сыпатында бизиң де тийкарғы ўазыйпамыз, мине, усы процесслердиң ишинде болыў, халықтың дәрти менен тәшўишлерин тыңлаў ҳәм оларға әмелий жәрдем бериўден ибарат.

Усы мақсетте, Халық депутатлары Тақыятас районлық Кеңеси секретариатының баслығы, Өзбекстан Экологиялық партиясынан сайланған депутат сыпатында аймақлардағы реал жағдайды үйреniў мақсетинде гезектеги жумысшы сапарын шөлкемлестирдик. Бул мәнзилимиз район орайынан әдеўир узақта саррас 28 километр аралықта, Түркменстан Республикасы менен шегаралас аймақта жайласқан «Жаңа мәкан» аўыл пуқаралар жыйыны ҳәм оған қараслы «Ташрез» аўылы болды. Шетки ҳәм шегара алды аймақларда жасайтуғын халықтың социаллық тәмийнаты, оларға көрсетилип атырған медициналық, материаллық ҳәм руўхый жәрдемлер бәрқулла мәмлекетимиздиң дыққат орайында турады. Бул сапар етиў, мине, усындай итибардың әмелий көриниси болып, мәҳәлледеги социаллық хызметкер Н.Аллашукуров ҳәм мәҳәлле баслығы Х. Халиллаев пенен биргеликте шөлкемлестирилди.

Жумысшы топарымыз тәрепинен аймақтағы кем тәмийинленген шаңарақларға социаллық напақалар ҳәм материаллық жәрдем тайынлаў, хызметлердиң сапасы ҳәм олардың мәнзиллилиги ҳәр тәреплеме додаланды. Социаллық тәмийнат тек ғана материаллық қаржы тарқатыў емес, шаңарақларды социаллық аўыр жағдайдан алып шығыў ушын системалы көпир болыўы зәрүр. Орынға шыққан ҳалда үйреniў даўамында дәслеп кәмбағаллық реестрине киргизилген пуқара Х.Аннаевтың шаңарағында болдық. Шаңарақтағы социаллық орталықты жақыннан үйреniў тийкарында, пуқараға мәмлекетимиз тәрепинен «Сақаўат ҳәм көмек» қоры есабынан бир мәртелик материаллық жәрдем ажыратылғаны ҳәм перзентлери ушын берилетуғын балалар напақасы өз ўақтында, үзликсиз төленип атырғаны атап өтилди. Бул әлбетте, қуўанышлы жағдай, бирақ, бизиң мақсетимиз – шаңарақты ийек артыўшылық кейпиятынан узақластырыў, оларға дәрамат дерегин жаратыўға жәрдемлесиў болып табылады.

Сәўбетлесиў даўамында мәҳәлле белсендилери менен биргеликте бул шаңарақтың экономикалық имканиятларын кеңейтиў жолларын изледик. Мәҳәлле баслығы Х.Халиллаев ҳәм социаллық хызметкер Н.Аллашукуров тәрепинен шаңарақты кәмбағаллықтан шығарыў мақсетинде мәмлекет тәрепинен жеңиллетилген шәртлерде ажыратылатуғын ссуда есабынан мотокультиватор сатып алыў усынысы алға қойылды. Бул усыныс үй ийеси тәрепинен де үлкен қуўаныш пенен қоллап-қуўатланды. Себеби, жерден үнемли пайдаланыў, кишкене болса да дийқаншылық арқалы шаңарақ дәраматын арттырыў шаңарақтың аяққа турып кетиўине хызмет етеди. Бундай әмелий қатнасықлар жәрдемге мүтәж шаңарақларды социаллық қоллап-қуўатлаўда ең нәтийжели усыллардан бири болып есапланады.

Социаллық қорғаў системасында балалардың мәплерин тәмийинлеў, олардың саламат өсиўи ҳәм билим алыўына жәрдемлесиў де турақлы итибарымызда болып есапланады. Жумысшы топарымыздың гезектеги мәнзили «Ташрез» аўылында жасайтуғын, кәмбағаллық реестрине киргизилген және бир пуқара Е.Г. шаңарағы болды. Үйреniў даўамында пуқараның социаллық-турмыслық шараяты, мәмлекет тәрепинен көрсетилип атырған қоллап-қуўатлаў илажларының нәтийжелилиги ҳәм бар мүтәжликлери көзден өткерилди. Шаңарақка тийисли балалар напақасы өз ўақтында ҳәм толық муғдарда төлеп барылып атырғаны мәлим болды. Соның менен бирге, сәўбетлесиў даўамында шаңарақтағы жас өспирим балаларды жазғы саламатландырыў дем алыў орынларына жибериў, олардың дем алысын мазмунлы шөлкемлестириў бойынша тийисли шөлкемлестириўшилик жумыслар алып барылып атырғаны атап өтилди. Бундай илажлар балалардың ҳуқықлары менен мәплери әмелде тәмийинленип атырғанының айқын дәлили болып есапланады.



Сол күни аймақтағы пуқаралар А.С. ҳәм Г.Н. шаңарақларына барылды. Бул шаңарақларда да мәмлекет тәрепинен берилетуғын балалар напақасы пулларының өз ўақтында қаржыландырылып атырғаны анықланды. Бирақ, турмыс бир орында турмайды, шаңарақлардың шараяты, талаплары ҳәм социаллық статусы ўақыт өтиўи менен өзгериўи тәбийғый. Сол себепли, бул пуқаралардың бүгинги күндеги реал социаллық жағдайын тереңирек есапқа алған ҳалда, олардың жағдайын қайта үйреniў ҳәм социаллық мүтәжликлерин қайта баҳалаў зәрүр екенлиги атап өтилди. Сәўбетлесиў даўамында шаңарақлардың жаңадан пайда болған мүтәжликлери, машқалалары додаланып, социаллық жағдайын қайта баҳалаў ҳәм зәрүр жағдайларда қосымша қоллап-қуўатлаў илажларын (мәселен, денсаўлықты тиклеў, субсидиялар ажыратыў ямаса бәнтлик) көриў бойынша мәҳәлле жуўапкерлерине тийисли усыныслар ҳәм тапсырмалар берилди.

Күн даўамында барылған барлық шаңарақларда шаңарақлардың реал социаллық жағдайы, мәмлекет тәрепинен көрсетилип атырған жәрдемлердиң турмыслық тәсири терең талланды. Кәмбағаллық реестринде турған шаңарақлар менен өткерилген қызғын ҳәм ашық сәўбетлерде оларды кәмбағаллықтан пүткиллей шығарыў, турақлы дәрамат дереклерин жаратыў ҳәм мийнетке жарамлы ағзаларының бәнтлигин тәмийинлеў ең баслы мәселе болып қалмақта.

Усы мақсетте, мәмлекетимиз тәрепинен шаңарақлық исбилерменлик ҳәм бәнтликти тәмийинлеў ушын ажыратылып атырған жеңиллетилген ссудалар, субсидиялар ҳәм кредитлерден үнемли пайдаланыў имканиятлары бойынша мәҳәлле баслығы Х.Халиллаев ҳәм социаллық хызметкер Н.Аллашукуров тәрепинен пуқараларға ҳәр тәреплеме түсиниклер берилди. Ҳәр бир пуқараға мәмлекет берип атырған имканиятлардан дурыс пайдаланып, өз исбилерменлигин баслаўы ушын ҳуқықый ҳәм шөлкемлестириўшилик мәсләҳәтлер берилди.

Бундай системалы ҳәм мақсетли үйреniўлер жәрдемге мүтәж шаңарақлардың ҳақыйқый социаллық жағдайын қалыс баҳалаў, оларға көрсетилип атырған социаллық жәрдемниң мәнзиллилигин ҳәм ашық-айдынлығын тәмийинлеўде шексиз әҳмийетке ийе. Ең әҳмийетлиси, бул илажлар тек ғана санлар артынан емес, ал, адамлардың тәғдирин унамлы тәрепке өзгертиўге, шаңарақларды кәмбағаллықтан шығарыўға қаратылған әмелий илажларды белгилеўге хызмет етеди. Биз депутат сыпатында буннан былай да сайлаўшыларымыз, әсиресе, жәрдемге мүтәж ўатанласларымыз бенен турақлы байланыста болып, олардың ҳуқықлары менен мәплерин қорғаў, социаллық әдилликти тәмийинлеў жолында бар күш-ғайратымызды жумсаймыз. Халқымыздың мәмлекеттен, турмыстан разы болып жасаўы жумысымыздың жоқары өлшеми болып есапланады.

Акбар МАТНИЯЗОВ,
Халық депутатлары Тақыятас районлық Кеңесиниң депутаты.

МЕДИА-ТУР

«БАРСА КЕЛМЕС»КЕ БАРЫП КЕЛГЕНДЕ...



Тәбият – инсаниятты өмири ҳәм жасаўының тийкары. Оның байлықларын көздиң қарашығындай сақлаў, жоқ болып кетиў қәўпи астында турған ҳайўанатлар, қуслар ҳәм өсимлик түрлерин қорғаў – бүгинги күнниң ең әҳмийетли мәселелериниң бири. Әсирлер бойы тәбият пенен инсан бир-бири менен тығыз байланыста жасап келген болса, бүгин сол байлықларды келешек әўладқа жеткериў ҳәр биримиздиң жуўапкершилигимизге айланды.

Жақында Өзбекстан Республикасы Экология ҳәм ықлым өзгериўи миллий комитети қарамағындағы «Барса келмес» мәмлекетлик буйыртпа қорықханасы тәрепинен Қоңырат районы аймағында жайласқан «Барса келмес» мәмлекетлик буйыртпа қорықханасына ҒХҚлары ўәкиллери болған журналистлер ҳәм блогерлер ушын пресс-тур шөлкемлестирилди.

Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2022-жыл 27-сентябрьдеги 530-санлы «Қарақалпақстан Республикасында «Барса келмес» мәмлекетлик қорыханасын шөлкемлестириў ҳаққында»ғы қарарына тийкар, «Барса келмес» мәмлекетлик буйыртпа қорықханасы шөлкемлестирилди ҳәм Қарақалпақстан Республикасы Қоңырат районы Үстирт тегислигинен 280 000 гектар жер ажыратылып, соннан 44 000 гектары қорғаў зонасы есапланады.

Аймақта ҳайўанатлар ҳәм өсимликлер дүньясы бойынша 75 түр дизимге алынған болып, солардан 12 түри Өзбекстан Республикасының «Қызыл китабы»на киргизилген.

Булардан ҳайўанатлар дүньясы бойынша сүт емизиўшилердиң 18 түри, олардың ишинде 5 түри, яғный, қарсақ, ҳинд палхоры, түркмен қарақулағы, жейран ҳәм түркмен қуланы, қуслардың 46 түри, соннан 3 түри – жорға туўалақ, шөл бүркити, сыбырлақ аққуўлар «Қызыл китап»қа киргизилген.

Пресс-тур даўамында биринши мәнзилимиз «Барса келмес» шор көли болды. Ол жерде машинадан түсиўден әтирапта алыстан аппақ қардай көринис көзимизди қамастырды. Жақынлағанда иши сулыў шуқырлықларды көрип, ҳайран қалдық. Себеби, бул шуқырлықлар қар, жаўын суўларының ағыўынан пайда болған. Бул жерде жүрген сайын жердиң шорлығы бетиңди шымшылағандай түйилди.

Бул «Барса келмес» шор көли 21 миллион жыл алдын жоқ болып кеткен Тетис океанының қалдығы. Дуз кәниниң узынлығы 75 км, ени болса, 70-72 км болып, тереңлиги 30-60 метрди, ал, запасы 105 млрд. тоннаны қурайды екен. Ҳәзирги күнде узынлығы 90, ени 50 километрге тең бул дуз кәнинен Қоңырат районы аймағында жайласқан «Қоңырат сода заводы» ушын шийки зат қазып алынады. Ол жерде қайта исленип, сырт мәмлекетлерге экспорт етиледи.

«Барса келмес» деп не ушын аталғаны ҳаққында рәўиятлар жүдә көп. Онда айтылыўынша, шор көлдиң ишинде Шайтанқала деп аталатуғын әййемги қала бар. Бул қалада көп муғдарда алтын көмилген. Бул алтынлар б.э.ш. IV әсирде Әййемги Хорезмде ҳүкимдарлық еткен Фарасманға тийисли болған. Нешше әсирлер даўамында усы алтынларға ийе болыў нийетинде бул жерлерге атланған көплеген адамлар изсиз жоғалып, қайтып келмеген. Соның ушын «барсаң, қайтып келмейсең» деген гәп тарқап, бул жерге усы атама берилген, делинеди.



«Барса келмес» атамасы атына сай. Себеби, көлдиң ишинде айланып жүриў жүдә қәўипли. Бул жерде жуқа дуз қатламы менен қапланған тереңликлер жүдә көп. Ол жерлер көзди ашып-жумғанша белгисиз тереңликлерге тартып кетеди. Демек, барсаң, қайтып келмейсең, деген гәпте жан бар.

Оннан соң бул жерде хызмет атқаратуғын хызметкерлердиң жасаў орнына бардық. Қорықхана аймағында 16 инспектор 10 күнлик нәўбетшилик даўамында рейд мониторинг жумысларын үзликсиз алып барады. Олардың өз жумысларын сапалы алып барыўы ушын арнаўлы жер асты үйлери қурылған. Шараятты еле де жақсылаў мақсетинде қуяш панельлери қурылған. Және де олардың гүзетиў жумысларын алып барыўы ушын бийиклиги 12 метр болған «бақлаў станция»сы қурылған. Инспекторлар ол жерге минип, арнаўлы гүзетиў әсбабы (дурбинлер) арқалы бақлаў жумысларын алып барады. Оннан басқа да жумыс барысында белгилеп берилген шығыс тәрепке 10-15 км жүрсе, сол жердеги өсимлик ҳәм ҳайўанатлар дүньясы, кийик ҳәм басқа да көрген ҳайўанлардың санын дәптерине жазып, бақлап барылады. Олардың бул жумысларды атқарыўын жеңиллетиў мақсетинде квадрациклер менен де тәмийинленген.

Пресс-тур даўамында Ершебай батыр естелигин де барып көрдик. Ершебай батыр XVIII әсирдиң ақыры XIX әсирдиң басларында жасап өткен қазақ халқының батыры есапланған. Ол 17 жасынан баслап көп урысларда, яғный, тийкарынан түркменлер менен болған урысларда қатнасқан. Оның өзи усы әтирапларда урысқа қатнасып, 60 жастан өткенинде қайтыс болған. XXI әсирдиң басларында қазақлардың өзлериниң изинде қалған үрим-путақлары, ағайин-туўғанлары тәрепинен усы естелик қойылған. Келешекте туризмди раўажландырыў бойынша жойбар исленип, қорықхана ишиндеги көллерди, ески қалаларды, қорғанларды кең жәмийетшиликке, жергиликли ҳәм сырт елден келиўши туристлерге таныстырыў мақсетинде жөнелислер қойылыўы да бағдарламаға киргизилген.

Және де бул «Барса келмес» мәмлекетлик буйыртпа қорықханасы тийкарынан 3 бөлимнен ибарат. Бунда бизлер бийикликте жайласқан, көлдиң үсти 3 метрдей қалың қамыслар менен қапланған «Гүркиреўик» бөлимине келдик. Бул жердиң гүркиреўши булағы деп аталыўының негизги себеби де суўдың гүркиреп, күшли даўыс пенен атылып шыққаны менен байланыслы. Усы гүркиреўик булағы тийкарынан «Барса келмес» аймағында жайласқан болып, бул әййемги атабабаларымыздың қойымшылығы ҳәм қасында үлкен бийик бар, сол бийиктиң астынан булақ болып атылып шығып тур. Булақ секундына 40 метр суў шығарып, көлдиң узынлығы ҳәзир 2 километр қашықлықта суў ағып, нәтийжеде үлкен көлди пайда еткен.



Суў бар жерде тиришилик болғанындай, бул жерде Өзбекстан Республикасының «Қызыл китабы»на киргизилген сүт емизиўши ҳайўанлар, қуслар көп болып, олардың жасаўы ушын жүдә қолайлы болған. Әсиресе, бәҳәр мәўсиминде бул жерде ғазлардың, қуслардың, қасқалдақ, үйреклердиң келип, қонып жасаўы ушын да жүдә қолайлы орын есапланады екен. Бул жердеги суў ишиўге жарамлы ма соны анықлаў мақсетинде Қоңырат районынан арнаўлы хызметкерлер келип тексерген. Анықланыўынша, бул суў адамлардың ишиўи ушын жарамсыз болып шыққан. Бирақ, бул суў усы жердеги өсимлик ҳәм ҳайўанат дүньясы ушын жүдә пайдалы болған. Буның мысалы ретинде, бул жердеги қалың, көкке бой созған қамыслардың ҳәм суўдың гүркиреп шыққан даўысы менен бирге сайрап атырған қуслардың сестинен бул жерде тиришилик барлығын билсек болады. Бул булақтың суўы жазда муздай болып, қыста музламайды, жыллы болып, ҳәтте, бет жуўатуғындай жыллы температурада болатуғынлығы менен бизлерди ҳайран қалдырды. Ҳәзир бул жерге ҳәр түрли сүт емизиўшилер – жайран, қара қуйрықтың «Сары қамыс» көли тәрепинен усы көлге қарай келип, суў ишип және изине қайтып кетиўи де анықланған.

Сондай-ақ, бул қорықхана аймағында үзликсиз рейд, мониторинг жумыслары алып барылады екен. Рейд даўамында ҳайўанлардың излери анықланып, сол жерлерге фото қақпанлар орнатылған. Бул фото қақпанлар өзинен 30 метр аралықтағы ҳәр қандай қозғалған затларды, яғный, ҳайўанлар болсын, оларды сүўрет ҳәм видеоға түсиреди. Бунда 10-15 метр аралықтағы сүўреттиң сапасы жүдә жоқары болып, бул фото қақпанлардың қуўатлаўшы батареялары бир айға жеткенликтен, олар бир ай даўамында қурылады. Бул фото қақпанлар арқалы Өзбекстан Республикасының «Қызыл китабы»на киргизилген жайран, қара қулақ, қарсақ, жорға туўалақ деген ҳайўанлар анықлаған. Қарақалпақстан аймағында (түркменский каракал) қара қулақтың салмағы 8-19 килограмға шекем, ал, узынлығы 65-82 сантиметрге шекем болады. Тийкарынан, қарақулақлар жыртқыш ҳайўан болып, ҳәр түрли кемириўшилер, майда сүт емизиўшилер менен азықланады. Булар жыл даўамында көбейеди, яғный, азық-аўқат көп болған қыс ҳәм гүз айлары олардың көбейиў мәўсимлери есапланады екен. Тағы да бул «Гүркиреўик» бөлиминен басқа «Герик» деген бөлими бар болып, ол жерде қалың сексеўиллер ҳәм тоғайлар пайда болған. Сонлықтан да ол жер герик бөлими деп аталған. Ол жерде суўлар жүдә аз болғанлықтан, дузлы зона, ол жерлерде суў аз болғанлықтан, азықландырыў жумыслары тез-тез әмелге асырылады. Гүркиреўик аймағында суў бар болғанлығы себепли, бул жерде экотуризмди раўажландырыўды режелестирип атырмыз. Қорықхана аймағындағы «Аланқала» қорғаны (бурынғы кәрўанлар саўда ислеў орны) болған бул жерлерде экотуризмди раўажландырыў бойынша бир қатар режелер дүзип атырмыз, - дейди «Барса келмес» мәмлекетлик буйыртпа қорықханасының 1-дәрежели инспекторы Төренияз Абатов.

Пресс-тур даўамында күнниң ыссы болыўына қарамастан кейинги мәнзилимизге барғанымызға өкинбедик. Бул «Аланқала» (бурынғы кәрўанлар саўда ислеў орны болған). VI-VIIIәсирлерге массагетлерге тийисли болған Уллы Жипек жолының бойында жайласқан. Бул қорғанның бийиклиги 8 метрге шекем болған, ҳәзирги күнде болса, тәбийғый жемирилиўи ақыбетинде 2-2,5 метр дийўаллары сақланып қалған. Қорғанды көрип, ҳайран қалдық. Себеби, оның дийўаллары өзгеше үлкен, енли таслар менен исленген. Қорғанның қасында үлкен, бийик, енли қудық бар. Қорғанды салыўда усы қудықтың дийўал таслары пайдаланған екен. Ишине түсип көрип, тастың формалары басқаша, сулыў, өзине тартады. Тәбияттың бундай бийбаҳа екенлигин көрип, тәсийин қалмай илаж жоқ. Қорғанның ишине кирсең, артымыздан ийтерип, келиң, дегендей салқын самал есип тур. Бундай тәкирарланбас бийбаҳа сулыўлықты ҳәмме келип көриў керек, деген пикирлер оянды.

«Барса келмес» буйыртпа қорықханасы тек ғана тәбият байлықларын сақлаў орны емес, ал, экологиялық тәрбия, илимий изертлеў ҳәм экотуризмди раўажландырыўға хызмет етип атырған әҳмийетли мәкеме болып табылады. Бундай пресс-турлар арқалы адамлардың тәбиятқа болған ықласы артып, оны абайлап сақлаў мәденияты қәлиплеседи.

Тәбият – бизге ата-бабаларымыздан мийрас болып қалған бийбаҳа байлығымыз. Оны сақлап қалыў тек ғана қорықхана хызметкерлериниң емес, ал, пүткил жәмийеттиң ўазыйпасы. Себеби, бүгин қорғалған ҳәр бир өсимлик, сақлап қалынған ҳәр бир ҳайўан түри келешек әўлад ушын үлкен мийрас болып қалады.

Айсултан АЯПОВА.
Нөкис – Қоңырат – Нөкис.
СҮЎРЕТЛЕРДЕ: илаждан көринислер.
М.ҲӘБИЙБУЛЛАЕВтың түсирген сүўретлери.

МУНДИАЛЬ КҮНДЕЛИГИ

ФУТБОЛ БАЙРАМЫ ЖУЎМАҚЛАНДЫ



Дерлик 40 күн даўамында дүнья жәмийетшилигиниң, планета футбол ышқыпазларының дыққат орайында болған үлкен спорт байрамы – XXIII жәҳән чемпионаты жуўмақланды. Бул ўақыт ишинде мыңлап ықласбентлер, миллионлап телетамашагөйлер бири-биринен қызықлы ойынлардың, әжайып комбинациялардың, шырайлы голлардың, дәрўазаманлардың сейвлериниң, қуўаныш ҳәм қапашылық көз жасларының гүўасы болды.

«ХАРД-РОК»ТАҒЫ «АТЫСПАҚ»

19-июльге өткен ақшамда АҚШтың Майами қаласындағы «Хард Рок» стадионында ярым финал әўметсизлери – Франция ҳәм Англия сайланды командалары сап тартты. Финал жолында сәтсизликке ушыраған бул командалар чемпионаттың қола медальлары ушын болған беллесиўде тамашагөйлерге жағатуғын ҳақыйқый футбол «спектаклин» көрсетти десек, асыра айтқан болмаймыз.

Франция менен Англия усы күнге шекем өз-ара 42 мәрте ойнаған болса, соның 24 инде англичанлар, 12синде французлар басым келип, 6 ушырасыў теңбе-тең жуўмақланған.

Венесуэлалы төреши Хесус Валенсуэланың ойынды баслаўға руқсат бериўи менен ашық футбол басланып кетти ҳәм англиялы Деклан Райс 3-минутта-ақ есапты ашты. 18-минутта Эзри Конса Майк Меньян қорғап атырған Франция дәрўазасына екинши голды жоллаған болса, тәнеписке шекем Букайо Сака французларды және еки мәрте ренжитти. Командалар тәнеписке шыққанда таблода 0:4 есабы жазыўлы турар еди.

Соңғы еки мундиальда финалда ойнаған французларды бул есап қанаатландырмас еди ҳәм тәнеписте команда бас тренери Дидье Дешамнан керекли көрсетпелерди алып шыққан олар екинши таймда басқаша ойын көрсетти. 67-минутқа шекем Килиан Мбаппе (дубль) ҳәм Бредли Барколя есапты 3:4 көринисине алып келди ҳәм көпшилик французлардан камбэк күте баслады. Бирақ, ойынның тамамланыўына үш минут қалғанда олар өз жәрийма майданының ишинде ойын қағыйдасын бузды ҳәм пенальтиди анық әмелге асырған Букайо Сака арадағы парқты және арттырды – 3:5. Қалған ўақытта екинши таймда майданға түскен Усман Дембеле (Франция) ҳәм Джуд Беллингем (Англия) бир-бирден топ өткерип, есапты 4:6 көринисине алып келди. Англия – жәҳән чемпионатының қола медаль ийеси.

ИСПАНИЯ – ЖӘҲӘН ЧЕМПИОНЫ

Бир күн өтип болса Нью-Йорк штатының Ист-Ратерфорд қаласындағы «Метлайф» стадионында жәҳән чемпионатының шешиўши ойыны болып өтти. Финалда әмелдеги чемпион – Аргентина сайланды командасы менен 2010-жылғы мундиаль жеңимпазы, соңғы 37 ойыннан бери жеңилмей киятырған Испания күш сынасты. «Қызыл фурия» бул чемпионатта да утылмады. Чемпионатты Кабо-Вердеге қарсы теңбе-тең ойын менен баслаған испанлар қалған ушырасыўлардың барлығында жеңиске еристи. Бул ойынларда өз дәрўазасынан тек ғана бир топ өткерип жиберди. Аргентина болса, топар басқышында жақсы ойын көрсеткени менен «плей-офф»та бираз қыйналғанын айтыўымыз керек.

Франция менен Англия арасындағы ойыннан парқлы түрде, бул ушырасыўда командалар бираз сақланып, жабық ҳәрекет етти. Тийкарғы итибар өз дәрўазаларын голдан қорғаўға қаратылды. Сонлықтан словениялы төреши Славко Винчич басқарып барған бул ойынның тийкарғы ўақтында есап ашылмады. Европалылар сәл басымырақ ҳәрекет еткен бул ушырасыўда аргентиналылар қарсылас дәрўазаға бир де соққы жоллай алмады. Испаниялы қорғаўшылар аргентиналы футбол жулдызы Лионель Мессидиң еркин ойнаўына мүмкиншилик бермеди десе де болады. Оның үстине, теңбе-тең жуўмақланып атырған тийкарғы ўақыттың соңында Аргентина сайланды командасының ҳүжимшиси Энцо Фернандес екинши сары карточкасын алып, майданнан шетлетилди. Бул ярым саат даўам ететуғын экстра-таймда Аргентина бир адам кемис ойнайды деген сөз еди ҳәм қосымша ўақыттың екинши бөлиминиң басланыўы менен испаниялы Ферран Торрес жеңис голын жоллады. Ойын усылайынша 1:0 есабы менен тамамланды ҳәм Испания өз тарийхында екинши мәрте жәҳән чемпионы атағына еристи.

Ушырасыў соңында Испания сайланды командасына алтын медальлар ҳәм жәҳән кубогы тапсырылды. Сондай-ақ, бир қатар номинациялар бойынша жеңимпазлар анықланды. Испания сайланды командасы ҳәм «Манчестер Сити» клубының ярым қорғаўшысы Родри жәҳән чемпионатының ең жақсы ойыншысы деп табылып, «Алтын топ» сыйлығын қолға киргизген болса, команда дәрўазаманы Унаи Симон ең жақсы дәрўазаман сыпатында «Алтын қолғап» сыйлығын қолға киргизди. Сайланды команда ҳәм «Барселона» клубының қорғаўшысы, 19 жасар Пау Кубарси болса чемпионаттың ең жақсы жас футболшысы деп табылды.

Чемпионатта өткерилген 104 ойында топ дәрўазаларға 308 мәрте барып түсти. Бул ҳәр бир ойынға орташа 3 голдан туўра келеди деген сөз. Франциялы Килиан Мбаппе болса 10 гол менен чемпионат бомбардири болды.

2026-жылғы жәҳән чемпионаты Халықаралық футбол федерациясына (ФИФА) рекорд дәрежедеги дәрамат алып келди – шөлкем 15 миллиард доллар ислеп тапты. Бул дәслепки болжаўлардан сезилерли дәрежеде жоқары: дәслеп ФИФА шама менен 11 миллиард доллар алыўды күтип отырған еди.

Мағлыўматларға қарағанда, пайданың артыўында ойын билетлериниң сатылыўы, соның ишинде, олардың қайта сатылыўы тийкарғы фактор болған. Және бир әҳмийетли дәрамат дереги – миймандослық хызметлери.

МУНДИАЛЬ БИЗГЕ НЕ БЕРДИ?

2026-жылғы жәҳән чемпионаты ғәрезсиз мәмлекетимиз тарийхында умытылмас из қалдырды деп айтыў мүмкин. Себеби, Ўатанымыз сайланды командасы дүнья футболының есигин ашып, мундиальға туңғыш мәрте қатнасты. Дурыс, командамыз чемпионатта табысқа ерисе алмады. Бирақ, бул абырайлы халықаралық турнирге қатнасыўы, жәҳән футбол ареналарында байрағымыздың желбиреп, гимнимиздиң жаңлаўының өзи көп нәрсени аңлатады. Соны айтыў керек, футболшыларымыз мундиальда кишигирим табысларға да еристи. Элдор Шомуродовтың Конго дәрўазасына урған голы шырайлы голлар қатарына кирген болса, Абдуқодир Хусанов чемпионаттың ең тез жуўыратуғын футболшылары онлығынан орын алды.

Баслысы, Өзбекстан жәҳән футболының күшли ағымына қосылды. Келеси мундиальларға қатнасыў ушын тырнақ қаланды. Және бир мәрте айта кететуғын нәрсе, чемпионатта Өзбекстан – Португалия ойынында топты майданға қарақалпақстанлы мектеп оқыўшысы Жаҳангир Садықов алып шықты. Қулласы, жәҳән футбол жәмийетшилигине биз де қосылдық.

С.ЖАНИЕВ.

ИНСАН ҚӘДИРИ УШЫН

ХАЛЫҚ МҮРӘЖАТЛАРЫ – БӘРҚУЛЛА ИТИБАРДА



ХАЛЫҚ қабыллаўханасы – халық пенен мәмлекет арасындағы әҳмийетли көпир хызметин атқармақта. Ол пуқаралардың мүрәжатларына әмелий шешим табыў арқалы инсан мәплерин тәмийинлеўге хызмет етпекте.

Халық мүрәжатлары менен ислесиў системасын еле де жетилистириў машқалаларды өз ўақтында шешиў ҳәм мәмлекетлик мәкемелердиң алдындағы жуўапкершилигин арттырыў – бүгинги күндеги тийкарғы ўазыйпалардың биринен саналады. Төртқул районы ҳәкимлиги мәлимлеме хызметиниң мағлыўматына қарағанда, район ҳәкимлигиниң мәжилислер залында халық мүрәжатлары менен нызамлы тәртипте ислесиў ҳәм олардың машқалаларын системалы шешиў мәселелерине бағышланған мәжилис болып өтти. Мәжилисте Өзбекстан Республикасы Президентиниң Халық қабыллаўханасы баслығының орынбасары Н.Аллабергенова қатнасты. Илаж даўамында район ҳәкиминиң орынбасарлары ҳәм тараўлық шөлкемлердиң басшылары менен жүзбе-жүз сөйлесиў өткерилип, ҳәр бир тараў жуўапкерлериниң бүгинги күндеги жумыс нәтийжелилиги ҳәм халық тәрепинен көтерилип атырған әҳмийетли машқалалар ҳәр тәреплеме талланды. Мәжилисте тийкарғы итибар ҳәр бир келип түсип атырған мүрәжатты жүзеки емес, ал, нызам шеңберинде ҳәм сапалы үйренип, халықты қыйнап атырған машқалаларды орнында саплastырыў арқалы халық қабыллаўханалары ҳәм мәмлекетлик уйымларға болған исенимди және де беккемлеўге қаратылды. Сондай-ақ, мүрәжатлар ең көп келип түсип атырған тараўлар бойынша машқалалардың келип шығыў себеплерин саплastырыў бойынша системалы жумыслар алып барылатуғыны атап өтилди.

Мәжилисте Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси Мүрәжатлар бөлиминиң баслығы А.Айымбетов та қатнасып, халықтың мүрәжатларын унамлы шешиўде әмелге асырылыўы тийис болған тийкарғы ўазыйпалар ҳәм системаны буннан былай да жетилистириў бойынша өз пикир-усыныслары менен ортақласты. Әлбетте, бундай мәжилислердиң шөлкемлестирилиўи, халықты қыйнап атырған машқалалар ҳәм пуқаралар менен ислесиў бағдарындағы жумысларды еле де жетилистириўде олардың нәтийжели шешилиўине, соның менен бирге комплексли илажлар тийкар бола алады.

Ҳақыйқатында да ҳәр бир мүрәжат артында инсан тәғдири турыпты. Пуқаралардың ҳуқық ҳәм мәплерин тәмийинлеў – тийкарғы ўазыйпа сыпатында белгиленген. Инсан мәплерин ҳәм халықтың разылығын тәмийинлеў – барлық реформалардың бас мақсети есапланады

Г.САПАРОВА,
арнаўлы хабаршымыз.
СҮЎРЕТТЕ:
мәжилистен көринис.

Давлетмурат АЛЛАНАЗАРОВ



Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты «Музыкалық тәлим» кафедрасының профессоры, Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген көркем өнер ғайраткери, ардақлы нураный, белгили педагог, концертмейстер, фортепиано саз әсбабы бойынша қарақалпақ халқының биринши миллий қәнигелеринен бири Давлетмурат Турешович Алланазаров усы жылдың 15-июль сәнесинде дүньядан өтти.

Давлетмурат Алланазаров 1957-жылы 9-апрель күни Нөкис қаласында туўылды. Ол өз өмирин қарақалпақ миллий музыка өнерин раўажландырыўға ҳәм жас әўладқа музыкалық тәлим-тәрбия бериўге бағышлады. Д.Алланазаров 1973-1977-жыллары Ж.Шамуратов атындағы Нөкис мәмлекетлик искусство училищесиниң фортепиано бөлиминде оқып билим алды. Мийнет жолын 1975-жылы сол училищеде оқып жүрип, улыўма фортепиано оқытыўшысы ҳәм концертмейстер болып баслады.

1977-1982-жыллары Ташкент мәмлекетлик консерваториясының фортепиано факультетинде билим алған Д.Алланазаров 1982-1991-жыллары Ж.Шамуратов атындағы Нөкис мәмлекетлик искусство училищесинде фортепиано оқытыўшысы ҳәм концертмейстер болып иследи. 1991-1993-жыллары Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик музыкалы театрында симфониялық оркестр дирижёры болып иследи.

1993-жылдан баслап Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институтының «Музыкалық тәлим» кафедрасында ассистент, аға оқытыўшы, доцент ҳәм өмириниң ақырына шекем профессор лаўазымында жумыс ислеп келди.

Д.Алланазаров Россия Федерациясы, Қазақстан ҳәм Өзбекстан Республикаларында өткерилген декадаларда белсене қатнасып, концертмейстер ҳәм симфониялық оркестр дирижёры сыпатында кең жәмийетшиликке танылды. Ол әсирлер даўамында устаздан-шәкиртке шынжырма-шынжыр өтип киятырған қарақалпақ миллий дуўтар намаларын изленип, үйренип, архив материалларынан ҳәм бақсы ҳәм сазенделердиң атқарған магнит лентасындағы жазылған, бүгинги күнге шекем нотаға түсирилмеген қарақалпақ миллий саз намаларын нотаға түсирип, миллий халық намаларының түп нусқасын сақлап қалды.

2007-2008-жыллары IFEAC тәрепинен «Халық байлықларын сақлаў» бойынша шөлкемлестирилген халықаралық жойбарында елимиздиң бир неше илимпазлары қатарында қатнасқан, нәтийжеде Өзбекстан Илимлер академиясының Қарақалпақстан филиалы фондында сақланып киятырған магнит ленталардағы бақсы-жыраўларымыздың айтқан халық қосықлары, дәстанлары ҳәм шерткен сазлары жаңаланып ҳәм тәртиплестирилип, заманагөй дисклерге түсирилген.

Д.Алланазаров балалар музыка ҳәм көркем өнер мектеплерине арналған бес сабақлық жазып, бүгинги күни тийисли оқыў орынларында өспирим жасларымыз тәрепинен үлгили пайдаланылмақта. Сондай-ақ, оның жоқары ҳәм орта арнаўлы оқыў орынлары ушын оқыў қолланбалары баспадан шықты.

Оның мийнетлери ҳүкиметимиз тәрепинен жоқары баҳаланып, «Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген көркем өнер ғайраткери» ҳүрметли атағы менен сыйлықланды.

Қарақалпақ миллий музыкасының жанкүйери, пидайы устаз ҳәм профессор Алланазаров Давлетмурат Турешовичтиң жарқын естелиги шәкиртлериниң, кәсиплесleriниң ҳәм халқымыздың жүрегинде мәңги сақланады.

Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты ректораты, жәмийетлик шөлкемлери, Педагогика-психология ҳәм дәретиўшилик тәлим факультети, Музыкалық тәлим кафедрасы мийнет жәмәәтлери.

КОРРУПЦИЯҒА ҚАРСЫ ГҮРЕС – ДӘЎИР ТАЛАБЫ



ҲАДАЛЛЫҚ ПРИНЦИПЛЕРИ ТИЙКАРЫНДА

Елимизде коррупцияға қарсы гүресиў – мәмлекетлик сиясаттың ең әҳмийетли бағдарларынан бири болып есапланады. Бул иллет тек ғана экономикалық турақлылыққа емес, ал, пуқаралардың мәмлекетлик уйымлар ҳәм қаржы мәкемелерине болған исенимине де айрықша зыян жеткереди.

Сонлықтан, коррупцияға қарсы мәўасасыз гүресиў ҳәм оның алдын алыў механизмлерин күшейтиў бүгинги күнниң әҳмийетли ўазыйпасы болып есапланады.

«O‘zsanoatqurilishbank» системасында усы реформалар шеңберинде қатаң илажлар әмелге асырылмақта. Бул бағдарда Президентимиздиң «Мәмлекетлик уйымлар ҳәм шөлкемлердиң коррупцияға қарсы ишки қадағалаў бөлимлериниң еркинлигин тәмийинлеў ҳәм жумысының нәтийжелилигин арттырыў илажлары ҳаққында»ғы қарарына муўапық, банкте коррупцияға қарсы гүресиў бойынша өз алдына ишки қадағалаў бөлими шөлкемлестирилген. Ол тиккелей Банк бақлаў кеңесине бойсынады.

Банкте коррупция жағдайларын анықлаў ҳәм олардың алдын алыў, мийнет жәмәәтинде маўасасыз мүнәсибетти қәлиплестириў ҳәм мәплер соқлығысыўына жол қоймаў бойынша системалы жумыслар алып барылмақта.

Бунда тийкарынан процесслерди санластырыў коррупцияға қарсы гүресиўде әҳмийетли факторға айланды. «SQB BUSINESS» ҳәм «SQB Mobile» бағдарламалары арқалы қарыйдарлар 24/7 режиминде хызметлерден банкке бармастан пайдаланыў имканиятына ийе болды. Бул инсан факторының тәсирин азайтып, ашық-айдынлықты тәмийинлемекте.

Коррупцияның алдын алыў тек ғана қадағалаў илажлары арқалы емес, ал, хызметкерлер ҳәм қарыйдарлардың ҳуқықый санасын арттырыў арқалы да әмелге асырылмақта. Ушырасыўлар ҳәм семинарлар даўамында ҳадаллық ҳәм нызамға садықлық принциплери үгит-нәсиятланбақта.

Банк хызметкерлериниң әдеп-икрамлылық кодекси ҳәм ишки қағыйдаларға әмел етиўи үстинен турақлы қадағалаў орнатылған. Банк имаратларында «Коррупцияға маўасасызлық» сүренлери сәўлеленген арнаўлы стендлер ҳәм белгилер орнатылған.

Сондай-ақ, коррупция ямаса мәплер соқлығысыўы жағдайлары ҳаққында хабар бериў ушын «исеним телефоны», арнаўлы veb-forma ҳәм «Телеграм» чат-бот арқалы 24/7 режиминде мүрәжат етиў имканияты жаратылған.

Улыўмаластырып айтқанда, коррупцияға қарсы гүресиў – бул системада ҳадаллық ҳәм әдилликти енгизиўге қаратылған үзликсиз процесс болып есапланады. Банк жәмәәти жумысында ашық-айдынлық ҳәм исеним орталығын беккемлеў жолында изге-из ҳәрекет етпекте.

Т.АБДУЛЛАЕВ,
«O‘zsanoatqurilishbank» АКБ Қарақалпақстан Республикасы Коррупцияға қарсы гүресиў топары хызметкери.

«ЕРКИН ҚАРАҚАЛПАҚСТАН» — «ВЕСТИ КАРАКАЛПАКСТАНА»

ШӨЛКЕМЛЕСТИРИЎШИЛЕР: Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси ҳәм Министрлер Кеңеси

Бас редактор Саламат АЖИМОВ

МӘКАН ЖАЙЫМЫЗ: 230100, Қарақалпақстан Республикасы, Нөкис қаласы, Ислам Кәримов көшеси, 109-жай.

Газета компьютерде терилди ҳәм офсет усылында басылды.

Газета А-2 форматында ҳәптесине 2 рет шығады. Газетаның көлеми 4 баспа табақ. Қарақалпақстан Республикасы Мәлимлеме ҳәм ғалаба коммуникациялар басқармасында дизимге алынғанлығы туўралы 2007-жыл 7-февральда берилген гүўалық №01-001.

Газетаның басылыўына «GOLDEN PRİNT NUKUS» ЖШЖ, газетаны тарқатыўға «Өзбекстан почтасы» АЖ Қарақалпақстан филиалы ҳәм «Матбуот тарқатувчи» ЖШЖ жуўапкер.

«Еркин Қарақалпақстан» газетасынан көширип басылған материалларға газетаның аты көрсетилиўи тийис. Газета редакциясына келип түскен хатлар, қолжазбалар ҳәм сүўретлер рецензияланбайды ҳәм қайтарылмайды. Реклама ҳәм дағазалардың дурыслығына реклама бериўши жуўапкер.

Тиражы 891 дана. Буйыртпа №899 Индекси: пуқаралар ушын: 2008. кәрханалар ушын: 2009.

Басыўға руқсат етилген ўақты 17.30.

ISSN 2181-5208

Нәўбетши: Г.САПАРОВА.